



Pou Piblikasyon Imedya: 28/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GREAT LAKES CHEESE KÒMANSE TRAVAY IZIN  
FABRIKASYON AK ANBALAJ KI KOUTE 518 MILYON DOLA NAN KONTE  
CATTARAUGUS**

*Konpayi ke fanmi ak anplwaye posede pral kenbe 228 anplwaye, ajoute 215  
Travay nan Rejyon Lwès New York la*

*Reprezantasyon grafik etablisman disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Great Lakes Cheese te kòmanse travay nan yon novo izin fabrikasyon ak anbalaj modèn nan Franklinville ak Farmersville. Avèk yon envertisman kapital ki plis pase 518 milyon dola, pwojè a se pi gwo envertisman enfrastrikti nan istwa konpayi an ak pi gwo pwojè devlopman ekonomik nan istwa Konte Cattaraugus la. Great Lakes Cheese pral kenbe 228 anplwa nan rejyon an, pandan l ap ajoute yon lòt 215 anplwaye. Li pral double tou konsomasyon lèt li a 1.42 milya liv chak ane, sa ki pral benefisyé direkteman kiltivate letye New York yo. Nouvo izin lan pral ranplase etablisman ki egziste deja nan Cuba, New York, lè pwojè a fini an 2025. Gade reprezantasyon grafik novo etablisman an [isit la a](#).

"Retablisman ekonomik New York la pi fò pase anvan e novo izin fabrikasyon ak anbalaj Great Lakes Cheese modèn lan yo se yon viktwa istorik pou Rejyon Lwès New York", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nouvo etablisman an - pi gwo pwojè devlopman ekonomik nan istwa Konte Cattaraugus - pral bay yon ogmantasyon ekstraòdinè nan kwasans ekonomik rejyon an, prèske double mendèv konpayi an, epi ogmante estabilite fèm letye eta nou an. Mwen pa te janm gen kantite espwa sa pou lavni Konte Cattaraugus ak Rejyon Lwès New York pandan n ap kontinye fè envertisman istorik pou amelyore lavi Nouyòkè k ap travay di yo."

**Direktè Egzekitif Jeneral Great Lakes Cheese la, Dan Zagzebski, te deklare**, "Great Lakes Cheese te san konpwomi nan rechèch li pou yon sit ki te travay pou pwopriyetè anplwaye nou yo, biznis nou an, ak kominate lokal la. Franklinville te tcheke chak bwat. Kominate a te konprann epi anbrase vizyon nou sou, 'Ansanm, pou jenerasyon k'ap vini yo.' Yo fè patenarya avèk nou sou envertisman istorik sa a pou jenerasyon anplwaye pwopriyetè yo ka pwospere nan Lwès New York."

Great Lakes Cheese se yon fabrikan ak anbalè nasyonal fwomaj natirèl epi trete an gwo, rape ak tranche. Konpayi an gen uit izin ki egziste deja, ki gen ladan de izin fabrikasyon New York nan Cuba ak Adams. Konpayi an ap konstwi tou yon nouvo etablisman nan Abilene, Texas, ki pral ouvri nan fen ane sa a. Posibilite ak kapasite elaji ak nouvo etablisman 500,000 pye kare nan Konte Cattaraugus pral sipòte rezo enstalasyon Great Lakes Cheese k ap grandi a. Nouvo etablisman an ak etablisman transfòmasyon konpayi an nan North Country pral ansanm itilize anviwon 14.4 poustan pwodiksyon total lèt New York la.

Empire State Development, ajans devlopman ekonomik eta a, te bay yon prim pou yon sibvansyon 3.7 milyon dola ak jiska 14.6 milyon dola nan kredi taks ki baze sou pèfòmans nan Pwogram Excelsior Jobs Eta New York la an echanj pou kreye 215 nouvo djòb. Pwogram Excelsior Jobs ESD a ankouraje biznis yo pou yo elaji, ak relokalize yo nan New York pandan y ap kenbe estanda responsablite sevè pou garanti ke biznis yo respekte angajman travay ak envestisman yo. Anplis de sa, Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) pral bay plis pase 5.3 megawat kouran elektrik ReCharge NY nan pri ki ba pou sipòte etablisman an.

**Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development Ian, Hope Knight te deklare**, "Pandan Great Lakes Cheese ap kòmanse yon nouvo izin fabrikasyon empresyonan epi li prèske double mendèv lokal li a, konpayi an ap asire avni alontèm li nan Rejyon Lwès New York la. Nou kontan anpil pou nou sipòte Great Lakes Cheese pandan l ap antre nan pwochen chapit li nan Eta New York."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York, Justin E. Driscoll, te deklare**, "NYPA fyè pou li sipòte agrandisman Great Lakes Cheese la, ki pral kreye 200 djòb epi ki pral fè yon enpak enpòtan sou ekonomi Konte Cattaraugus la. Enèji idwo-elektrik NYPA se kolòn vètebral devlopman ekonomik nan Lwès New York epi sipò nou pou pwojè sa a ap baze sou plizyè dizèn milye travay Niagara Power Project deja sipòte."

**Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare**, "Sa se yon gwo nouvèl pou fèm letye New York la, sektè ki pi gwo nan endistri agrikòl New York la. Great Lakes Cheese gen yon tradisyon depi lontan pou pwodui kèk nan pi bon pwodwi letye Eta nou an, epi nou kontan wè yo kontinye agrandi, ogmante demann pou lèt fèmye letye New York yo epi kreye plis pase 200 nouvo djòb - tout sa se gwo nouvèl pou endistri letye nou an. Agrandisman sa a pral ede solidifye avni Great Lakes Cheese epi asire Eta New York rete yon lidè letye nan tout peyi a, epi nou pa katann patenarya kontinyèl nou avèk yo."

**Direktè Egzekitif IDA nan Konte Cattaraugus, Corey R. Wiktor, te deklare**, "Se yon onè pou nou akeyi Great Lakes Cheese nan Konte Cattaraugus! Sa a se pi gwo pwojè devlopman ekonomik prive nan istwa gwo Konte sa a. Kounye a nou gen yon opòtinite an lò pou kombine yon biznis k ap mennen nan endistri a ke fanmi ak anplwaye yo posede ak eritaj endistri letye ak agrikòl an Konte Cattaraugus. Patnè nou yo nan

Empire State Development te jwe yon wòl enpòtan absoli nan ede pwojè sa a reyalize nan Farmersville."

Great Lakes Cheese, ki posede pa fanmi ak anplwaye, te selebre 60èm ane biznis li an 2018. Bilan depi lontan konpayi an nan envesti nan kominote k ap pwospere yo lye dirèkteman ak konpayi k ap opere nan kad yon kilti pwopriyete. Atravè Plan Pwopriyete Aksyon pou Anplwaye (Employee Stock Ownership Pla) li a, tout anplwaye yo gen yon pati nan biznis lan epi yo pataje rekompans yo.

**Senatè Eta George M. Borrello te deklare**, "Inogirasyon jodi a pou nouvo kay Great Lakes Cheese reprezante yon moman transfòmasyon pou konpayi ki gen anpil valè Eta New York sa a ak akimilasyon anpil ane efò, planifikasyon, rezolisyón pwoblèm ak kolaborasyon. Felisitasyon mwen ak rekonesans mwen adrese ak fanmi Epprecht, ekip lidèchip konpayi an, ak gwo kowalisyon patnè eta ak lokal yo ki te pataje detèminasyon nou ke rejon sa a te pi bon kote pou Great Lakes Cheese pou akonpli vizyon li pou lavni. Mwen te fyè dèské ekip mwen an ak mwen te kapab defann pou kenbe pwojè sa a nan distri a, pwoteje travay ak asire fèm letye yo pral benefisyé yon mache elaji. Pwojè sa a pral chanje jwèt la nan pi bon sans, epi mwen ap tann ak enpasayans gwo siksè ki gen pou vini yo."

**Manm Asanble Joe Giglio te deklare**, "Denaraj travay sa a se kòmansman bèl bagay k ap vini pou rejon nou an ak pou Great Lakes Cheese. Mwen tèlman kontan ke konpayi an te chwazi rete nan Lwès New York e ke lidèchip yo te rekonèt valè pati sa a nan eta a. Nou gen yon mendèv kalifye epi devwe, ak resous an abondans pou endistri letye a. Li agreyab ke anpil mwa negosyasyon yo pral lakòz non sèlman nan kenbe plizyè santèn djòb isit la, men nan ajoute plis menm. Demenajman izin ki pote siksè sa a se rezulta travay di, dilijans ak koperasyon ekip jesyon an nan Great Lakes Cheese ak anpil ofisyèl ak ajans gouvènman eta ak lokal yo."

**Sipèvizi Adjwen Vil Farmersville Ia, Mark Heberling te deklare**, "Sa a se yon moman istorik pou vil nou an retounen nan rasin fwomaj li yo. Avèk majorite etablisman an ki sitiye nan Farmersville, nou konnen sa pral gen yon enpak pozitif sou rezidan nou yo ak kominote ki antoure a pou jenerasyon k ap vini yo. Nou pa te kapab gen plis kontanman ak espwa pou lavni. Nou ta renmen remèsyé tout moun ki enplike yo, fanmi Epprecht, Lejislati Konte Cattaraugus, IDA Konte Cattaraugus, ak pwopriyetè tè yo ki gen ladan Kody Sprague ak Jason Schwab pou prevwayans ak pèseverans yo."

**Majistra Vilaj Franklinville Ia, Michael Sikora, te deklare**, "Nou kontan pou nou fè pati pi gwo pwojè nan istwa Konte Cattaraugus la - youn ki kenbe travay yo nan lokal yo epi ki bay plis travay toujou. Sa vle di, nou ap wè tou enterè komèsyal siplemantè nan Franklinville. Li pwometè pou Franklinville ak pou ti vil Etazini yo. Tout sa se bagay nou byen akeyi".

### Konsènan Great Lakes Cheese

Great Lakes Cheese se yon fabrikan ak anbalè ki resevwa pri premye plan nan fwomaj natirèl epi trete an gwo, rape ak tranche. Great Lakes Cheese, pi gwo anbalè fwomaj

natirèl nan peyi a, sèvi episri yo, klèb yo, ak sipèmakèt yo, ansanm ak chèn restoran ak distribitè sèvis alimantè yo. Konpayi an gen yon anprent nasyonal ak enstalasyon nan Ohio, New York, Tennessee, Utah, Wisconsin, ak youn ki an konstriksyon nan Texas. Great Lakes Cheese, ki posede pa fanmi ak anplwaye, te selebre 60èm ane biznis li an 2018.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)